

29 novanm

Pandan Jezi te Jerizalèm pou fèt delivrans lan, anpil moun te kwè nan Li, lè yo te wè mirak Li t ap fè.

Jan 2. 23

Konsa, se lè ou tande mesaj la ou vin gen konfyans. Mesaj la, se pawòl Kris la y ap anonse.

Women 10. 17

Mirak ak konfyans

Depi nan tan lontan, mirak te toujou atire lèzòm. Lè Jezi t ap viv sou latè, foul moun yo te wè anpil nan mirak li yo : Miltiplikasyon pen, gerizon malad yo, rezireksyon moun ki te mouri yo. Men, foul la te mande plis mirak ankò : “Ki mirak ou ka fè nou wè pou nou ka kwè nan ou ?” (Jan 6. 30). Jodi a ankò, Bondye ki se yon Bondye ki gen kè sansib ak konpasyon kontinye entèvni nan lavi anpil moun lè li wè sa nesèsè, pafwa li fè gwo mirak nan lavi kèk moun, pou li geri yo, oubyen pou l ede yo soti nan yon sitiyaasyon grav yo te twouve yo.

Men, lè ou temwen yon mirak ki fèt ; se pa konfyans ou gen pou sa. Konfyans ki sove pechè a, se pa admirasyon oubyen emosyon ki met chalè nan ou pou yon bagay kèlkonk paske ou wè anpil mirak fèt devan grenn je w. Konfyans ki fè nou vin yon lòt moun, se lè nou dakò ak sa Bondye di de nou. Se aksepte san limit temwayaj Bib la konsènan sitiyaasyon nou ; pechè pèdi san okenn relasyon ak Bondye, answit, resevwa Jezi Kris kòm Sovè e Senyè. Se konprann travay Kris te akonpli sou bwa kalvè a, Li te peye totalman dèt peche nou yo devan Bondye. Sa vle di, nou sove (Travay 16. 31). Se sa ki pi gwo mirak la : Moun konsa, Bondye pap kondane li, li deja soti nan lanmò li antre nan lavi. Li soti nan fènwa li rantre nan limyè, e li vin pitit Bondye (Jan 1. 12).

Aprè mirak konvèsyon an, Bondye vle e Li ka fè anpil lòt mirak nan lavi nou.

Ann fè Li konfyans, e nou va etone “de sa Bondye prepare pou moun ki mete espwa nan Li” (Ezayi 64. 4).

29 novembre

Comme il (*Jésus*) était à Jérusalem,... beaucoup crurent en son nom, contemplant les miracles qu'il faisait.

Jean 2. 23

La foi vient de ce qu'on entend – et ce qu'on entend par la Parole de Dieu. Romains 10. 17

Miracles et foi

De tout temps, les hommes ont été attirés par les manifestations spectaculaires. Lorsque le Seigneur Jésus était sur la terre, la foule avait vu beaucoup de ses miracles : multiplication des pains, guérison de malades, résurrection de morts. Mais elle en demandait d'autres : "Quel miracle fais-tu donc, toi, afin que nous le voyions et que nous te croyions ?" (Jean 6. 30). Aujourd'hui encore, Dieu, qui est un Dieu de compassion et de miséricorde, intervient, quand il le juge utile, parfois miraculeusement, pour guérir ou pour délivrer d'une situation sans issue.

Mais être le témoin d'un miracle, ce n'est pas la foi. La foi qui sauve le pécheur n'est pas l'admiration ou l'enthousiasme produits par une manifestation spectaculaire. La foi qui fait naître en nous une vie nouvelle, c'est d'abord le fait de croire ce que Dieu dit de nous ; c'est accepter sans restriction le témoignage que la Bible rend concernant notre état de pécheur, et recevoir ensuite personnellement Jésus Christ comme Sauveur et Seigneur. C'est comprendre que, par son œuvre à la croix, il a entièrement et définitivement payé la dette de nos fautes devant Dieu. En un mot, c'est être sauvé (Actes 16. 31). Voilà le plus grand miracle : quelqu'un qui passe de la mort à la vie, des ténèbres à la lumière, et qui devient enfant de Dieu (Jean 1. 12).

Après ce miracle de la conversion, Dieu veut et peut en accomplir beaucoup d'autres dans notre vie.

Faisons-lui confiance, et nous serons émerveillés de "ce que Dieu a préparé pour celui qui s'attend à lui" (Ésaïe 64. 4).